# Оккупацион хаххмæ æввахс хъæуты ныуазæн доны проблемæ æрбиноныг уыдзæн

01 Сусæны мæй 2016

Регионалон размæцыд æмæ инфраструктурайы министрады иугонд дондæттæн компанийы директор Гиоргий Коберидзе, Шида Картлийы губернатор Иосеб Окропиридзе æмæ муниципалитеты къухдариуæг Давид Ониашвили хъæу Цъителубаны, дондæттæг системайы реабилитацион куыстытæ бабæрæг кодтой. Снысангонд куыстыты фæуды фæстæ, ныуазæн доны проблемæ оккупацион хаххмæ æввахс 10 хъæуы, æрбиноныг уыдзæн. Афтæ дæр сырæздзæн цъайтæ Къаспы муниципалитеты. Министрады расидæнмæ гæсгæ, проекты фæлгæтты сырæздзæн доны специалон сыгъдæггæнæн мæсыг. Инфраструктурон куыстытæ, кæцытæн Гуырдзыстоны хицауад 3 милуан ларæй фылдæр рахицæн кодта, 2016 азы сентябры фæуыдзысты æмæ 11 минæй фылдæр адæймагæн ныуазæн доны проблемæ æрбиноныг уыдзæн.